Manicaland HIV STD Prevention Project
Epidemic Status Report 2010

Biomedical Research & Training Institute, 4'h Floor, Nicoz Diamond House, Samora Machel Avenue, P.A. Box CY 1753, Harare, Zimbabwe Tel: 04735000/02 & Stand 188, Mutasa D.C., P.O. Box Hauna 3449, Zimbabwe, Tel: 0228 2230.

ST THERESA'S MISSION NENZVIMBO DZAKAPOTEREDZA

MUSORO

Ongororo yekutanga yeManicaland HIV/STD Prevention Project yakaitwa muna Chikunguru mugore ra 1998 kusvika muna Ndira wa2000. Ongororo inoteverera iyi yakaitwa muna Chikunguru wa2001 kusvika muna Ndira wa2003 zvakare imwe ongororo yakaitwa kubva muna Nyamavhuvhu wa2003 kusvika muna Nyamavhuvhu wa2005, ongororo yechina yakazoitwa kubva muna Nyamavhuvhu wa2006 kusvika muna Mbudzi wa2008. Gwaro iri rinofananidza dudziro huru dzakabuda munharaunda muno maererano nekubatirwa kweutachiwana hweHIV nezvimwe zvirwere zvinowanikwa mukusangana pabonde, ruzivo pamusoro pehutachiwana hweHIV nezvimwe zvirwere zvepabonde uye kurarama muhutano hwakanaka kubva paongororo yekutanga nedzimwe ongororo dzakaitwa mumashure, Pakati peongororo yekutanga neyechipiri pakawedzererwa imwe mibvunzo yezvekurapwa nekuongororwa kwehutachiwana hwe HIV. Tarisai mukati nekuseri kwepepa rino kuti muzive zvakawanda.

NZVIMBO DZAKAITWA ONGORORO

Ongororo munharaunda ino yakaitwa muSt Theresa's Mission kusanganisira Bhiri, Chenge, Chinyadza, Chiuswa, Chiwetu, Gonzo, Jombo, Madziwa, Maunganidze, Muzerengi, Pfunda, Rupfunde, Zigori, Bvekerwa, Denhere, Gwata, Kanda, Kanduna, Madhani, Madondo, Mahefu, Mapadza, Matsika, Mawere, Mhukayesango, Ndapfunya, Nyamima, Samanyai, Shekede, Tapfumanei, Toriro, Zindoga, Chikwenha, Chinembiri, Gukushu, Katsenga, Kwaramba, Mudzinganyama, Murapa, Ndora, Nembaware, Nyakonde, Nyanhombo, Zambe, Zisani, Chiteme, Chitemhe, Dambi, Mupatsi neTaka. Muongororo yekutanga vanhu vakuru vanosvika 832 vakapinda muchirongwa. Muongororo yakatevera vanhu vakuru vanosvika 618 vakapinda muchirongwa uye muongororo yakazotevera vanhu vakuru 1,226 vakapinda muchirongwa. Muongororo yechina makapinda vanhu vakuru vanosvika 1,214 muchirongwa.

DUDZIRO DZAKAKOSHA DZEONGORORO

- Zvikamu gumi nerimwe kubva muzana (11%) zvevarume pamwe nezvikamu gumi nepfumbamwe kubva muzana (19%) zvevakadzi vane utachiwana hweHIV parizvino.
- Huwandu hwevarume nevakadzi vane hutachiwana hweHIV hwaderera kubva muongororo yekutanga nedzimwe dzakazotevera mushure. Kunyangwe zvazvo huwandu hwevanhu vaneHIV hwakaderera vanhu vane hutachiona vachakawanda.
- Vanhu vazhinji vava neruzivo rwokuti zvirwere zvepabonde zvinowedzera mikana yokubatira hutachiwana hweHIV, asi vanhu vashoma vari kuenda kundorapwa zvirwere zvepabonde muzvipatara nemumakiriniki.
- Vanhu vava kuratidza kuti vava kushandisa makondomu nguva dzose dzavanosangana pabonde neshamwari dzisiri dzemazuva ose kubva paongororo.
- Vanhu vakawanda havazivi kuti havasi vana vose vanozvarwa naanaamai vane hutachiwana hweHIV, vanozvarwa vaine hutachiwana.
- Chikamu chevarume chakaratidza kuva neshamwari dzepabonde dzinodarika imwe mugore rapera chaderera, asi vanhukadzi vakataridza kuva neshamwari dzepabonde dzinopfuura imwe chete mugore rapera vawedzera kubva muongororo yechina.
- Rusaruro kuvanhu vane HIV/AIDS rwuri kuderera uyezve vanhu vakawanda vakati vane chido chekuchengeta hama inenge yarwara neAIDS.
- Huwandu hwevanhu vairatidza kugutsikana nehurongwa hwemarapirwo ezvirwerwe zvepabonde muzvipatara nemumakiriniki kubva muongororo yechina hwaderera.
- Huwandi hwevakadzi vari kunoongororwa hutachiona hweHIV hwawedzera zvikuru, asi huwandu hwevanhurume varikuongororwa hutachiona hweHIV hwawedzera zvishoma.
- Vanhu vazhinji vachiri kutaridza kuti havazivi kuti kune mishonga inokwanisa kuderedza huwandu hweutachiwana hweHIV mumuviri.